



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 16 avril 2014

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$95 MILYON DOLA POU BATI INITE LOJMAN KI PA CHÈ NAN ETA A**

*Finansman pral kreye ak prezève plis pase 2,000 inite lojman ki pa chè nan tout eta*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse plis pase \$95 milyon dola nan sibvansyon pou pwojè tou pare pou konstwi lojman bon mache nan tout eta a. Prè ak fèb to enterè ak kredi enpo pral konstwi epi konsève 2,100 inite lojman bon mache epi sipoze jenere plis pase \$435 milyon nan sibvansyon, prè, ak resous prive.

“Nan 2014 chak Nouyòkè merite yon kote ki desan, ansekirite ak abòdab pou yo rele lakay yo,” Gouvènè Cuomo te dekalre. “Jodia nap bati sou plis pase \$1 bilyon dola ke nou te deja envesti pou fè rèv sa tounen yon reyalyte. Nan siprime obstak yo, nou senplifye pwosesis aplikasyon an pou kominote yo ak konbine resous prive ak piblik, pwojè sa yo ka kòmanse kounye a, kreye travay ak bay lojman ki pa chè Nouyòkè yo merite.”

Lajan yo te disponib atravè Aplikasyon pou Finansman Inifye nan New York State Homes & Community (HCR), yon pwosesis inik pou aplike pou plizyè sous finansman pou inite lojman bon mache ak pou plizyè fanmi, sa ki fè pati travay Gouvènè a pou demoli silo inefikas eki diplike ki tap jere ak finansman leta anvan sa. An total, pandan pwosesis Finansman Inifye a, HCR ap fè sibvansyon pou 37 pwojè separe nan chak dis rejyon devlopman ekonomik nan eta.

Komisyone HCR /PDG Darryl C. Towns te deklare, “Soti nan Niagara Falls pou rive nan Long Island, nap travay avèk patnè nou yo, enkli gouvènman lokal yo ak anpil ajans sè eta, pou kreye ak prezève lojman abòdab. Gouvènè Andrew Cuomo te bay ajans eta a responsablite pou mete resous eta a ansanm avèk resous lokal ak federal nan fason ki pi pwodiktif la. Pou reponn a chaj sa a, nou te jwenn gwo tonton pwojè nan chak rejyon eta a ki pral fè yon gwo diferans nan kominote lokal yo.”

Nan gwoup finansman sa a, aplikan yo ap fè konpetisyon pou: prè avèk ti to enterè nan Pwogram Fon Depo pou Lojman pou Moun ki pa Touche ase Revni (HTF); Kredi Fiskal Federal pou Lojman pou Moun ki pa Touche ase Revni (LIHTC); Pwogram Kapital HOME; Kredi Fiskal Eta a pou Lojman pou Moun ki pa

Haitian Creole

Touche ase Revni (SLIHC) ak nouvo Fon Envestisman pou Kominote Iben ak Riral.

Prensipal sibvansyon yo nan chak dis Rejyon Devlopman Ekonomik eta a gen ladan yo:

**Kapital Rejyon** - Ballston Reserve, Town Ballston, Konte Saratoga

\$3,326,493 te atribye a Gwoup NRP, LLC pou nouvo konstriksyon 52 inite lojman travayè nan Vilaj Ballston ki nan yon distans kat mèt a Luther Forest Pak Teknoloji--- youn nan motè kwasans travay enpòtan ak aktivite ekonomik nan rejyon kapital la. Lokalize nan distri lekòl ki gen gwo pèfòmans avèk aksè konvenyan a transpòtasyon piblik ak plizyè sèvis, Ballston Rezèv pral ofri opòtinite travay ak edikasyon pou fanmi yo ki gen revni jiska 60% nan revni mwayèn zòn de (AMI).

**Santral New York** - Salina Crossing, Vil Syracuse, Konte Onondaga

\$5,071,958 te atribye a Housing Visions Consultants, Inc. pou devlopman yon sit dispèse, pwojè a itilizasyon melanje ki pral renove kat bilding ak bati sis nouvo bilding, bay 49 inite lojman ki pral a bon mache pou fanmi yo ki gen revni ant 30 ak 50% nan AMI. Itilize finansman ki soti nan nouvo Fon Envestisman Kominote Iben, Salina Crossing pral egalman kreye preske 6,000 pye kare espas komèsyal. Kòm yon investisman kowòdone avèk Vil Syracuse, pwojè a pral adrese pworiyete ki vid ak sa ki an demolisyon nan toulède pati Nò ak Sid katye yo.

**Finger Lakes** - Eastman Gardens, Vil Rochester, Konte Monroe

\$3,595,356 te atribye a Home Leasing, LLC pou re-itilizasyon adaptif dispansè Dantè istorik Eastman an 57 inite lojman revni melanje avèk 43 inite ki pa chè pou fanmi yo ki gen revni jiska 60% nan AMI. Konstri nan ane 1917 ak liste nan rejis nasyonal plas istorik nan pati lwès New York pa twò lontan de sa te idantifye Eastman Dental Dispensary tankou nan youn nan senk resous istorik iranplasab ki andanje e ki bezwen re-estisman.

**Long Island** - Hewlett Harbor Point, Vilaj Valley Stream, Konte Nassau

\$1,315,529 te atribye D&F Development Group, LLC pou tranzit ki akse ki oryante sou devlopman 39 inite lojman revni melanje ki lokalize adjasan a Gibson Boulevard Long Island estasyon tren ak nan distans mache de yon laj varyete ekipman ak sèvis. Inite yo pral a bon mache pou fanmi yo ki gen revni ant 30% ak 90% AMI.

**Mid-Hudson** - Hamlet nan Pawling, Vilaj Pawling, Konte Dutchess

\$3,874,987 te atribye a Kearney Realty ak Development Group, LLC pou nouvo konstriksyon 80 inite lojman pou granmoun kòm yon pati nan Castagna Park, yon devlopman planifye ki rann posib avèk yon enfrastrikti investisman ki te fèt pa Kòporasyon Devlopman Empire State New York kòm yon pati nan

Haitian Creole

Aplikasyon Finansman Konsolide Konsèy Rejyonal Gouvènè Cuomo. Plan prensipal pou Castagna Park prevwa devlopman 167,000 pye kare espas biwo, 200,000 pye kare espas komès, ak 400 inite lojman pou granmoun. Hamlet nan Pawling pral abòdab pou fanmi yo ki gen revni anba 30% de AMI a 60% AMI.

**Mohawk Valley** - Woodrow Townhomes, Vil Amsterdam, Konte Montgomery

\$8,250,879 te atribye a Woodrow Townhomes, LLC (OMNI Development) pou prezèvasyon Woodrow Townhomes, 100 inite Mitchell Lama housing ki te transfere a HCR kòm yon pati nan Pwogram Lojman NY \$1 bilyon dola Gouvènè Cuomo.

\$8,250,879 te atribye a Woodrow Townhomes, LLC (OMNI Development) pou prezèvasyon Woodrow Townhomes, 100 inite Mitchell Lama housing ki te transfere a HCR kòm yon pati nan Pwogram Lojman NY \$1 bilyon dola Gouvènè Cuomo.

**New York City** - New Roads Plaza, Vil New York, Konte Bronx

\$1,214,981 te atribye a Kòporasyon Devlopman SoBRO pou nouvo konstriksyon 95 inite lojman abòdab nan seksyon Morrisania nan Bronx, ki gen ladan 57 inite ki pral sèvi moun ki gen bezwen spesyal kòm yon pati nan nouvo antant *New York New York III*. Pwojè a se yon investisman kowòdone vil-eta ki pral ogmante \$10.5 milyon dola nan devlopman finansman nan Vil New York, pandan lap aksede sibvansyon lwaye ak sèvis sipò ki finanse nan Biwo Eta New York pou Sante Mantal. Nouvo wout plaza yo pral abòdab pou fanmi yo ki gen revni jiska 60% de AMI.

333 Lenox Road Apartments, Vil New York, Konte Kings

\$1,307,864 te atribye a 333 Lenox Associates, LLC pou nouvo konstriksyon 58 inite abòdab pou granmoun nan fwontyè Prospect Lefferts Gardens ak East Flatbush. Inite yo pral a bon mache pou granmoun ki gen revni ant 30% a 60% de AMI. Selfhelp Community Services pral bay sèvis sou plas pou lokatè granmoun ki frajil, ansanm avèk lokatè ki gen mobilite, vizyèl, ak difikilte pou tandè.

Locust Manor Family, Vil New York, Konte Queens

\$1,267,950 te atribye a D&F Development Group, LLC pou nouvo konstriksyon 53 inite lojman revni melanje pou fanmi yo ki gen revni ki ranje nan mwens pase 30% de AMI a 80% de AMI. Lokalize nan Jamaica, Queens, Locust Manor se yon distans mache kout nan ray tren Long Island estasyon Locust Manor ak yon gran sant komèsyal avèk anpil opsyon lavant andetay, enkli yon gwo sipèmache alimantè.

Bay Street Senior Housing, Vil New York, Konte Richmond

\$1,596,855 te atribye a Bay Street Housing Limited Partnership pou nouvo konstriksyon 67 inite lojman abòdab pou granmoun nan seksyon Stapleton nan Nò rivaj Staten Island. Lokalize nan pwoksimite toupre Bayley Seton Campus nan Sant Medikal Inivèsite Richmond ak Estasyon Tren Stapleton Staten Islan, pwojè Bay Street la byen lokalize pou lojman bon mache pou granmoun. Pwojè a pral sèvi fanmi yo ki gen revni jiska 50% de AMI.

Haitian Creole

**North Country** - Catherine Gardens II, Vil Plattsburgh, Konte Clinton

\$2,870,000 te atribye a Konsèy Senior Citizens nan Konte Clinton pou nouvo konstriksyon 12 inite lojman fanmi a bon mache ki pral sèvi fanmi yo ki gen revni jiska 60% de AMI. Catherine Gardens II pral kontrinye a renovasyon yon pasèl ki vid depi lontan ki lokalize a de blòk nan koridò prensipal anba lavil Plattsburgh.

**Southern Tier** - Watkins Glen School Apartments, Vilaj Watkins Glen, Konte Schuyler

\$3,839,219 te atribye a SEPP, Inc. pou re-italizasyon adaptiv nan ansyen Watkins Glen Middle School nan 51 inite lojman a bon mache pou granmoun. Yon konpozan devlopman enpòtan nan plan konpreyansif Vilaj Watkins Glen, pwojè a se yon envestisman kowòdone Eta avèk Kòporasyon Devlopman Empire State ki te atribye pwojè \$900,000 dola kòm yon pati nan 2013 Aplikasyon Finansman Konsolide Konsèy Rejyonal. Anplis pou konvèti salklas lekòl yo an apatmna pou granmoun yo ki gen revni jiska 80% de AMI, oditoriyòm ak jymnazyòm etablisman pral adapte pou itilize tankou espas sivik pa Vilaj Watkins Glen.

**Western New York** - Walnut Avenue Homes, Vil Niagara Falls, Niagara County

\$2,927,055 te atribye a Housing Visions Consultants, Inc, pou renovasyon wit pwopriyete ki vid, an demolisyon oswa ki pa itilize an 41 inite lojman ki pral a bon mache pou fanmi yo ki gen revni jiska 60% de AMI. 15 inite pral mete apa kòm lojman sipòtif pou moun ki sanzabri, ansanm avèk sivivan nan vyolans domestik. Yo pral bay sèvis sipòtif atravè patenarya avèk YWCA nan Niagara.

Wap jwenn yon lis konplè de tout prim yo disponib la: [www.nyshcr.org/Funding/Awards/](http://www.nyshcr.org/Funding/Awards/)

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sit entènèt [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418